

APRE COWONAVIRIS SA A, FOK BAGAY YO CHANJE NAN PEYI A

Rosny Desroches

(Premye Pati)

Depi kèk mwa, Inityativ Sosyete Sivil, ti non jwèt li anfranse c ISC, tanmen yon seri rankont kote espesyalis t brase lide ak manm e envite ISC yo sou ki fason pou ekonomi peyi a ta vale teren.

Rezon ki fè ISC lanse yon pwogram konsa, sè ke li estime ke youn nan pi gwo pwoblèm peyi a genyen, sè k nou pa ni pwodwi anye, ni demontre tou ke nou k kreye djob nan peyi a. E youn nan rezon ki eksplike ke ekonomi peyi a pa fè yon pakita, yon panago, se paskw nan lespri nou, ekonomi peyi a kondane pou li pa janm pwogrese. Se poutèt sa, nou menm nan ISC, nou t deside fè kanpay edikasyon ekonomik sa a.

E c atravè yon bourad lajan ke Kowoperasyon Peyi Laswis ansam ak Linyon Ewopeyen, tout t bay Volontarya Pou Devlopman Peyi Dayiti ke nou t rive reyalize pwogram sa a, ki t chita sou yon seri rankont ak konferans-deba, kote espesyalis sou kesyon sa a t braselide ak patisipan an yo.

Pami moun ki t entèveni nan rankont ak konferans-deba sa a yo, t gen ekonomis Etzer Émile, Bénédique Paul, Gérald Chéry ak Robert Paret Jr; ansanm ak Agwonome Harmel Cazeau e Me Claudie Marsan.

Nan kad rankont braselide sa a yo, t gen anpil ak yon pakèt gwo pwendevi ki t bay. Konsa, yon fwa batay kont Coronavirus sa a fini, nou panse ke gen nan pwendevi sa a yo ki k pèmèt nou bay ekonomi peyi a yon lot direksyon. E, c nan menm lojik sa a ke nou chwazi prezante yo nan 2 atik sa a yo.

Bon, depi Covid-19 la parèt nan peyi a, yonn nan pi gwo laperèz ke nou genyen, pi gwo malèpandye ki sou tèt pèp la, c kesyon grangou a, c kesyon moun paka jwenn manje pou manje a ki limenm pral koze anpil, anpil deblozay annndan popilasyon an.

Yon ti remak tou kout, avan menm ke maladi Kowonaviris sa a t rive sou nou, plis pase 40 pousan Ayisyen, kidonk 4.1 milyon sitwayen t gen difikilte pou yo manje. Donk, alewè pou konnye a kote mouche Kowonaviris nan wèl nou. Daprè chif estatistik FAO, pami tout peyi ki gen sou planèt la, Ayiti c peyi kote plis moun pa gen manje pou yo manje. Sa vle di sou chak 100 Ayisyen, 46.1 ladan yo gen gwo difikilte pou yo manje.

Sa ki lakoz ke sou chak 100 timoun ki gen mwens ke 5 lane, sou chak 100 fi ki gen ant 15 e 49 lane, 66 ladan yo soufri maladi anemi.

Nan sans sa a, nou k imagine ki kantite ravaj viris sa a pral koze pami moun afè pa bon nan popilasyon an. Sitou ke, depi ke Kowonaviris la ap layite ko l sou planèt la, ekonomi peyi ki abitye

vann nou pwodwi ak machandiz, ansanm ak transpo ant peyi sa a yo e noumenm ralanti anpil, anpil.

Nan sans sa a, pral gen yon sitiyasyon kote, non sèlman manje nou konn h t nan men yo ap vin pi ra e pi chè, men lavi a ap pi difisil pou popilasyon an, paske kesyon lajan an, gen lontan ke sa kraze rak. Eitou, abse sou klou, gen sèten moun ki paka soti al degaje yo nan lari a.

Lè nou konsidere ke plis ke 50% sa nou manje, c nan peyi etranje ke l soti, lè nou konsidere ke chak ane nou achte a letranje 400,000 **ton** diri, kidonk 88% diri ke nou manje nan peyi a, ebyen, li fasil pou konprann ke nou pral rive nan yon sitiyasyon kote pita pral pi tris.

Nan lane 2018, nou t **enpote** nouriti pou 900 milyon dola vèt. Kesyon pou n poze, èske ane sa a, nou k depanse menm kantite lajan sa a? Antouka, noumenm nan ISC, nou pa wè kote lajan sa a pral soti!

C poutèt sa nou panse ke, kit yon moun c dirijan oswa sitwayen, kit li c komèsan oswa achtè, nou fèt pou reyalize ke sekirite nasyonal peyi a depann anpil de ki kontwol nou genyen sou kantite manje nou pwodwi nan peyi a.

Konnye a, kesyon ke nou dwe poze, c paki mwayen Ayiti Cheri nou a, yon peyi ki, dapre pwofesè Leslie Manigat, t konn pwodwi ase viv alimantè pou bay tèt li manje, rive nan estad kote l ap enpote pwodwi sa a pa **makonn**.

Youn nan eksplikasyon ke nou k bay, sè ke, depi ane 80 yo, peyi Dayiti redwi anpil kantite taks ke li t konn mete sou pwodwi alimantè ki soti nan peyi etranje yo. Konsa, taks sou diri **enpote** ke nou t konn peye 50%, vin tonbe a 3%, taks ladwann sou pitimi, bannann ak sik ki t 50% vin tonbe a zewo, tandiske taks sou lèt ak ze pase de 40 a zewo pousan.

E c fini vye **desizyon degrenngoch** sa a yo pral fini ak agrikilti peyi a, piske Ayiti ki c manm CARICOM pat respekte angajman ki t pran kote, sou kesyon diri pa egzanp, ladwann chak peyi ki manm CARICOM yo ta dwe mete yon taks 25% sou tout diri ki pa pwodwi nan peyi CARICOM yo.

Menm lè desizyon bese taks ladwann yo pèmèt nou h t yon seri pwodwi **enpote** meyè mache ke menm pwodwi sa a ki fèt nan peyi a, malgre tou, yon kilo diri ki koute \$ 0,93 nan peyi Jamaïque koute \$1.04 isit nan peyi Dayiti. Kidonk, lè taks ladwann yo bese, avantaj la pa pou moun ki h t diri a pou l manje, men pito pou moun ki komande diri a.

Yon moun ta gen dwa panse ke kesyon bese byen ba taks sou pwodwi enpote yo c pi gwo menas pou pwodiksyon nasyonal peyi a, poutan, zafè kontrebann la toutosi danjere pou ekonomi peyi a, piske, chak ane, gen plis pase 400 milyon dola American ki pa rantre nan kès leta. E sitiyasyon sa a **lakoz** tou ke nou pèdi apeprè 60, 000 **djob** nan peyi a.

Gagot sa a pa dwe kontinye konsa, e nou panse ke, nan zafè komès, taks ladwann ansanm ak agrikilti, leta ta dwe konsidere bagay yo yon **lot** jan.

Kidonk, nou estime ke, nan zafè bidjè peyi a, leta ta dwe prevwa plis lajan pou agrikilti; e **folk** lajan sa a ta depanse toutbon vre. Rezon ki fè nou di sa, c paske nan bidjè 2017-2018, c sèlman 10% lajan ki t prevwa pou pwogram ak pwoje nan ministè agrikilti a ki rive debloke.

Ane sa k ap vini la a yo, si toutfwatout kantite lajan sa a yo ta rive debloke, sa ta pèmèt nou reyalize anpil bagay tankou **ranfose** sistèm awozaj jaden yo, ankadre peyizan an yo, kreye mache toupatou, ki limenm ta fasilite ekoulman danre **agrikol** yo, oswa finanse rechèch sou meyè fason pou amelyore kalite osnon kantite danre ke nou pwodwi yo.

E, nan lire pou pwoteje moun k ap h t pwodwi **agrikilti yo**, leta ta dwe pran bonjan mezi pou bese pri pwodwi alimantè yo, epitou ankouraje moun k ap **enpote** manje **lot bo** dlo pou yo investi tou nan pwodiksyon danre alimantè.

Nan sans sa a, nou voye yo gwo kout chapo bay BRH k ap ede peyizan an yo jwenn kredi e ki met sou pye tou yin sistèm asirans **rekolt**.

Dapre yon etid Komisyon Nasyonal Sekirite Alimantè, ki gen tinon jwèt li CNSA, li posib pou ke pwodiksyon **agrikol** la ogmante de 6,7%, poy ke, nan di pwochen lane k ap vini la a yo, nou kreye pase yon milyon **djob nan** sektè agrikilti a. Menm etid sa a montre tou ke li posib pou ke, sou total se ke nou manje chak lane, pwodiksyon an pase de 29 a 89%; ke kantite pwason nou peche nan lanmè oswa larivyè pase de 46 a 78%, e ke kantite diri ki soti nan peyi etranje pase de 88 a 50%. E nou menm nan ISC, nou panse ke, lè epidemi Kowonaviris sa a al fè wout, peyi ta dwe fè tout sa l kapab pou eseye atenn objektif ke nou fenk sot site la a yo.

Nan lespri pou nou pataje ak piblik la gwo lide ak refleksyon ki t brase nan kad rankont ak konferans-deba sa a yo, nou deside pibliye 2 atik kote nou prezante yon seri pwendeви.

E nou panse ke c pa sèlman dirijan politik yo, men pito tout sitwayen peyi a ki ta dwe batay pou nou rive atenn objektif sa a yo. Nan menm lojik sa a, nou ta kapab koumanse pa rekonsidere sa n ap manje chak jou. Konsa, nan plas diri enpote, nou ta dwe manje plis diri lokal ki, detout fason, pi bon lontan pou sante nou.

Yon **lot** pa, moun ki investi lajan yo Ozetazini ak Repiblik dominikèn e kap viv isit kote lopital ak sant sante nou yo an malsite ta dwe konprann ke li pi bon pou yo, si yo investi pito nan devlopman peyi, oswa travay pou ogmante kantite manje ke peyi a pwodwi.

Depi epidemi Kowonaviris la mete pyel nan peyi a, anpil jenn moun kouri al lakay yo nan pwovens. Men, nou ta swete ke c pat anvire respire bon jan lè andeyo, ni anvire jwe domino ki t pouse yo fè sa, men pito lide pou ede paran yo ki fin granmoun remanbre agrikilti a.

Konsa, si yo ta jwenn kredi pou relanse aktivite **agrikol** yo, abolis de modènize pwodiksyon oswa lavant pwodwi agrikol yo, ta tou pwofite reprann mayèt agrikilti a nan mem paran yo. .

Pa gen lontan de sa, t gen **lot** kriz ki t frape peyi tou, men nou t rate chans pou'n t mete peyi a sou bon wout. Konnye a, nou panse ke li lè, li tan pou'n reflechi ansanm, pou'n planifye ansanm sou fason pou nou pa rate yon **lot fwa** okazyon ke kriz sa a, ki c yon kriz sanitè, yon kriz alimantè ansanm ak tout yon kriz ekonomik, ofri nou pou'n mete peyi a sou bon jan chemen devlopman.